



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 16 septanm 2013

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOMINASYON NAN ADMINISTRASYON LI

Nominasyon Nouvo Dirijan pou Biwo Sèvis Viktim Eta a ak Biwo pou Prevansyon Vyolans nan Kay

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse de nouvo nominasyon nan administrasyon an, Elizabeth Cronin nonmen direktè Office of Victim Services (OVS) eta a epi Gwen Wright nonmen direktè egzekitif Office for the Prevention of Domestic Violence (OPDV) eta a.

“Depi lontan New York se yon lidè nan kesyon dwa viktim zak kriminel, li tounen youn nan premye eta ki kreye yon konsèy konpansasyon pou viktim zak kriminel ak sèl eta nan nasyon an ki genyen yon ajans onivo egzekitif kap goumen ak fè prevansyon kont vyolans nan kay, te deklare Gouvènè Cuomo. “M espere kontinye ak kokenn pwogrè nou fè pou amelyore pwoteksyon pou viktim zak kriminel yo epi mwen konnen Madan Cronin ak Madan Wright pral jwe yon wòl enpòtan nan efò sa yo.”

Elizabeth Cronin

Jiska lotre jou, Madan Cronin te travay kòm direktè Biwo Zafè Jiridik pou Kou Dapèl Ameriken an pou Tribinal Dezyèm Enstans la nan Vil New York. Li te responsab operasyon Biwo Konseye Entèn yo ak Biwo Avoka yo pandan plis pase 13 lane, li tap sipèvizè travay jiridik tou de biwo yo ta p fè ak administrasyon toulejou Biwo Zafè Jiridik la.

Pandan travay li nan Tribinal Dezyèm Enstans la, Madan Cronin te travay ak jij pou tabli yon pwogram inik pou jere ogmantasyon rapid ka imigrasyon yo. Kreyasyon yon kalandriye san agiman te reyisi trete plis pase 5.000 dosye apèl imigrasyon ki tap soufri nan tribinal la.

Anvan esperyans li ak Kou Dapèl Ameriken an, Madan Cronin te travay kòm yon pwofesè adjwen nan Pace University epi li genyen anpil esperyans kòm avoka, san bliye travay li pandan 12 lane nan Biwo Pwokirè Distri Westchester la kòm Pwokirè Adjwen epi annapre li te vin direktè Adjwen Biwo a, epi travay li kòm Asistan Jidisyè nan Depatman Jidisyè Tribinal Premye Enstans Connecticut la. Li se yon ekriyen ki pibliye liv sou divès sijè tankou lwa imigrasyon, vyolans nan kay, eleman prèv ak Konvansyon Vyèn la Madan Cronin te resevwa diplòm premye sik li nan Fairfield University epi diplòm avoka li nan Lekòl Dwa Pace University a.

Haitian Creole

Gwen Wright

Madan Wright avèk OPDV depi 20 lane, kote li t ap travay lotre jou la kòm direktè egzekitif enterimè ak direktè sèvis sosyal ak prevansyon. Pandan 20 tan li pase ak ajans la, li te sipèviz tou pwogram fòmasyon ak devlopman politik nan domèn pwoteksyon timoun, sèvis sosyal, ak enterè piblik, konsomasyon egzajere sibstans ak sante mantal, swen sante ak jistis penal.

Epitou pandan li te travay nan OPDV, Madan Wright te jwe yon wòl kapital nan devlopman ak enplemantasyon politik Eta a sou Vyolans nan Kay ak Lye Travay la. Politik la, ki obligatwa pou tout ajan eta yo, fèt pou l amelyore sekirite nan travay pou viktim vyolans domestik ak kòlèg biwo yo. Nan kad politik la, patwon dwe fòme anplwaye sou prizkonsyans vyolans domestik ak prevansyon; devlope pwosesi pèsònèl ki koresponn ak bezwen viktim vyolans nan kay epi kreye plan ak mezi sekirite nan espas travay pou kenbe pou responsab sila yo ki ka itilize resous minisipal pou komèt zak vyolans nan kay.

Anvan li te vin nan sèvis eta a, Madan Wright te okipe plizyè pòs nan domèn vyolans nan kay, tankou travay li kòm direktè egzekitif New York State Coalition Against Domestic Violence (NYSCADV), yon gwoup militan toupatou nan eta a.

Madan Wright te etidye nan Fashion Institute of Technology. Li aktif nan travay kominote a ap fè pou sipòte egalite lesbyèn ak pedras ak jistis rasyal, san bliye travay li kòm ansyen prezidan konsèy Pride Center nan Rejyon Kapital; Nan Our Own Voices, yon òganizasyon militan ki chita nan Albany pou moun nwa ki lesbyèn, pederas, biseksyèl ak ki chanje sèks yo; ak nan A Call to Men, yon òganizasyon nasyonal pou prevansyon vyolans nan kay ak seksyèl kap bay fòmasyon ak edikasyon pou gason, ti gason ak kominote.

Office of Victim Services (www.ovs.ny.gov) a ofri yon filè sekirite pou viktim inosan zak kriminel ki pa gen ankenn kote pou chèche èd, nan bay konpansasyon dirèk pou sèvis konsèy, defans ak swen medikal, paregzanp, gratis pou kontribiyab. Operasyon ajans lan te finanse ak kontravansyon, frè ak majorasyon sèten koupab te peye apre kondanasyon nan tribinal onivo eta ouben federal.

Office for the Prevention of Domestic Violence (www.opdv.ny.gov) gen responsablite pou l amelyore repons kominote onivo eta ak lokal pou vyolans nan kay. OPDV ofri konsèy bay pèsònèl Egzekitif sou politik ak lejislasyon; anime aktivite kominotè nan tout kominote yo epi fòme pwofesyonèl sou kijan pou rezoud vyolans nan kay nan yon pakèt domèn, tankou pwoteksyon timoun, aplikasyon lalwa ak swen sante.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418